HAITIAN CREOLE

Chè Paran oswa Gadyen legal : Ane lekòl 2011-2012

Timoun bezwen byen manje pou yo aprann lekòl. Biwo Manje nan lekòl *Office of SchoolFood* ofri manje nourisan chak jou lekòl. Dejene gratis pou tout elèv, pri manje midi se 1.50$. Timoun k ap viv nan kay ki satisfè Rekòmandasyon federal sou revni (gade nan do paj la), kalifye pou manje gratis oswa pou manje a pi ba pri. Manje a pi ba pri koute 0.25$ pou chak elèv ki kalifye pou manje midi. Pou aplike pou manje gratis oswa a pi ba pri, soumèt yon **lèt ba pwogram èd siplèmantè pou manje *Supplemental Nutrition Assistance Program* (SNAP) (*food stamp*) oswa aplike sou entènèt nan www.ApplyForLunch.com oswa www.nyc.gov/accessnyc, oswa ranpli aplikasyon nou voye ba w la pou tout pitit ou genyen nan menm lekòl la,** siyen l epi voye l tounen nan lekòl pitit ou a pi vit posib. Tanpri gade ransèyman ki nan lèt sa a lè w ap ranpli aplikasyon an. Nou pa ka apwouve yon aplikasyon ki pa konplè. Kidonk fè sèten ou mete tout enfòmasyon yo mande w.

**ENFÒMASYON SA AP ITIL OU:**

1. **Èske mwen bezwen ranpli yon aplikasyon pou chak timoun?** Wi. Si pitit ou yo nan lekòl diferan. Sepandan ou bezwen ranpli yon sèl aplikasyon pou tout timoun ki nan menm lekòl la.
2. **Kiyès ki ka jwenn manje gratis?** Timoun ki nan kay ki resevwa SNAP (food stamp) oswa TANF ak pifò timoun ki sou kontwòl leta ka resevwa manje gratis kèlkeswa lajan ki rantre nan kay la. Men tou, pitit ou yo ka resevwa manje gratis si revni fanmi an nan limit pou resevwa èd ki nan Rekòmandasyon Gouvènman federal sou revni an.
3. **Èske timoun ki sanzabri, ki sove kite kay yo ak timoun ki depasaj** *migrant* **ka resevwa manje gratis?** Tanpri kontakte lekòl ou a oswa koòdonatè elèv ki nan lojman tanporè *Students in Temporary Housing* (STH) pou wè si pitit ou a/yo kalifye si yo pa t fè w konnen y ap resevwa manje gratis.
4. **Kiyès ki ka resevwa manje gratis?** Pitit ou a/yo ka resevwa manje a ba pri si revni kay la endike nan aplikasyon sa a nan limit pou resevwa manje a pri redui ki nan Tablo federal sou revni.
5. **Èske mwen ta dwe ranpli yon aplikasyon si m te resevwa yon lèt ane lekòl sa a ki di pitit mwen yo apwouve pou manje gratis oswa a ba pri?** Tanpri byen li lèt ou te resevwa a epi suiv eksplikasyon yo. Rele lekòl pitit ou a/yo si w gen kesyon.
6. **Mwen resevwa W.I.C. Èske pitit mwen an/yo ka resevwa manje gratis?** Timoun ki nan kay ki resevwa W.I.C. ka elijib pou manje gratis oswa a pri ki redui. Tanpri ranpli yon aplikasyon.
7. **Èske y ap verifye enfòmasyon mwen bay yo?** Lekòl la ka mande pou verifye si w elijib nenpòt lè pandan ane lekòl la. N ap avèti w alekri si nou chwazi w pou verifye enfòmasyon w yo. Responsab lekòl la ka mande w voye dokiman ki montre pitit ou a/yo kalifye pou resevwa manje gratis oswa a pri redui lè w te aplike a.
8. **Si m pa kalifye kounye a, èske mwen ka aplike yon lòt lè?** Wi. Ou ka aplike nenpòt lè pandan ane lekòl la si kantite moun nan kay ou ogmante, si revni w diminye, oswa si w kòmanse resevwa SNAP (*food stamp*), TANF oswa lòt benefis. Si w pèdi djòb ou, pitit ou a/yo ka resevwa manje gratis oswa apri redui.
9. **E si mwen pa dakò ak desizyon lekòl la sou aplikasyon m lan?** Ou ta dwe pale ak responsab lekòl la dabò. Si w pa satisfè ak repons li ba w, ou ka telefone oswa ekri Chief Executive, Office of School Support Services, 44-36 Vernon Blvd., Long Island City, New York 11101, (718) 707-4300 pou mande yon chita tande.
10. **Èske mwen ka aplike si gen yon moun lakay mwen ki pa sitwayen ameriken?** Wi. Oumenm oswa timoun lan/yo pa oblije sitwayen ameriken pou kalifye pou manje gratis oswa a pri redui.
11. **Kiyès moun ki fè pati manm kay la?** Ou dwe konte tout moun k ap viv nan kay la, fanmi oswa moun ki pa fanmi (tankou granparan, lòt paran, oswa zanmi) nan Pati 4 la. Ou dwe konte tèt ou ak tout lòt timoun ki abite avèk ou.
12. **E si mwen pa toujou gen menm revni?** Mete montan ou konn resevwa jeneralman. Paegzanp, si anjeneral ou resevwa 1000 dola chak mwa, epi ou te rate kèk jou travay mwa pase epi ou te fè sèlman 900 dola, mete ou fè 1000 dola pa mwa. Anjeneral, si w fè overtime, mete l ladan men pa mete l si se kèk fwa sèlman ou fè l.

Distri lekòl la ka mande w nenpòt lè pandan ane lekòl la pou verifye enfòmasyon ou te bay nan aplikasyon w lan. Si w pa bay enfòmasyon sa a, pitit ou a pa p ka kontinye resevwa manje gratis oswa a pri redui. Reprezantan lekòl yo itilize enfòmasyon ki nan aplikasyon an pou detèmine si pitit ou a ta dwe resevwa manje gratis oswa a pri redui. Yo ka itilize ransèyman sou manje gratis oswa a pri redui a pou detèmine elijiblite pou Tit I ak *National Assessment of Educational Progress* epi bay lòt ajans otorize Pwogram nasyonal manje midi nan lekòl *National School Lunch Program* ransèyman yo.

Règleman federal egzije lekòl ak enstitisyon yo pou sèvi timoun ki gen andikap ki egzije yon rejim espesyal manje san yo pa peye anplis yon jan pou yo ka patisipe konplèteman nan pwogram sèvis manje a san okenn chanjman nan manje yo ofri a ni nan meni yo genyen an. Ou dwe mande lekòl la ba w manje espesyal, epi bay lekòl la sètifika medikal yon doktè. Si w panse pitit ou a bezwen yon lòt kalite manje akoz yon andikap, kontakte Chief Executive, Office of School Support Services, piske gen enfòmasyon espesifik sètifika medikal la dwe genyen.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou w ranpli aplikasyon sa a , tanpri kontakte direktè lekòl pitit ou a pou l ka ede w.

Avèk senserite,

Biwo Manje nan Lekòl *Office of SchoolFood*

**TANPRI BYEN LI EKSPLIKASYON YO, EPI RANPLI TOUT SEKSYON OBLIGATWA YO**

APLIKE SOU ENTÈNÈT : **www.ApplyForLunch.com** **oswa** **www.nyc.gov/accessnyc**

SI W BEZWEN ÈD POU RANPLI APLIKASYON AN OSWA SI W GEN KESYON KONTAKTE Sipò teknik *Help Desk* NAN *OFFICE OF SCHOOLFOOD*

**RELE NAN: (877) 363-6325 • IMÈL : foodcompliance@schools.nyc.gov**

1. **Ou dwe ranpli aplikasyon an papye a ann anglè** avèk **plim nwa sèlman.**
2. Ranpli **yon sèl** aplikasyon pou tout timoun nan kay la ki nan menm lekòl la.
3. Si w resevwa yon lèt Depatman edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE), Biwo pou Èd tanporè ak Èd pou andikap Eta Nouyòk NYS *Office of Temporary and Disability Assistance* (OTADA) oswa Biwo Pwogram siplemantè Èd manje *NYC Supplemental Nutrition Assistance Program* (SNAP) (*food stamp*) ki di pitit ou a elijib pou manje gratis, ou pa bezwen ranpli aplikasyon sa a. Ou dwe voye lèt la ba lekòl pitit ou a imedyatman.
4. Si w mete '**X**' nan kazye seksyon ki di "**Mwen pa kalifye pou manje gratis oswa a pri redui**" ou dwe ekri non pitit ou a nan **PATI 3** a. Ale nan **PATI 5** lan pou siyen ak date aplikasyon an, epi voye l ba lekòl pitit ou a imedyatman.
5. Kounye a ou ka mete tout timoun ki sou kontwòl leta *foster children* k ap viv nan kay la ki nan menm lekòl la sou menm aplikasyon an.

## PATI 1: RANPLI SEKSYON SA A SI W PA KALIFYE POU MANJE GRATIS OSWA MANJE A PRI REDUI.

Plizyè fanmi pa kalifye pou manje gratis oswa a pri redui si yo fè twòp lajan. Si w panse fanmi w pa kalifye , men sa pou w fè:

1. Mete '**X**' nan kazye "**Mwen pa kalifye pou manje gratis oswa ap pri redui a**" si revni w pa kalifye pou manje gratis oswa a pri redui.
2. Pou chak timoun ki nan lekòl sa a, ekri non yo okonplè, paegzanp **non, inisyal non ak siyati yo**. (**Dat nesans, gason oswa fi, klas ak nimewo ID elèv (OSIS) *PA OBLIGATWA***). Ale nan **PATI 5** lan pou siyen ak date fòm lan. Voye aplikasyon an tounen nan lekòl pitit ou a imedyatman.

## PATI 2: RANPLI SEKSYON SA A SI FANMI W RESEVWA SNAP (FOOD STAMP) OSWA TANF .

1. Voye nan lekòl pitit ou a lèt OTADA oswa nenpòt SNAP Vil Nouyòk ou resewa pou chak timoun ; **oswa**
2. Ekri nimewo dosye SNAP (*food stamp*) oswa TANF nan kazye yo mete pou sa nan seksyon sa a. Ou ka jwenn nimewo dosye a nan lèt pou benefis la – pa ekri nimewo kat ou a ni kantite lajan ou resevwa.
3. **SOTE PATI 4 la**, apresa siyen ak date aplikasyon an nan **PATI 5 lan**. Voye aplikasyon an tounen nan lekòl pitit ou a imedyatman.

## PATI 3: APLIKE RANSÈYMAN SA YO SI W GEN TIMOUN [PAEGZANP TIMOUN KI SOU KONTWÒL LETA *FOSTER CHILDREN*)] NAN KAY LA KI NAN MENM LEKÒL.

1. Pou chak timoun ki nan lekòl sa a, ekri non yo okonplè, paegzanp **non, inisyal non ak siyati yo**. (**Dat nesans, gason oswa fi, klas ak nimewo ID elèv (OSIS) *PA OBLIGATWA***).
2. Mete '**X**' akote non tout elèv ki se yon timoun ki sou kontwòl leta *foster child*. Ekri tout revni pou itilizasyon pèsonèl timoun lan resevwa nan kazye yo mete pou sa a. Revni pou ("itilizasyon pèsonèl" se lajan biwo *welfare* bay dapre kategori pou timoun lan itilize pèsonèlman, paegzanp lajan pòch, ak tout lòt lajan timoun lan resevwa/fanmi l ba li, oswa lajan li touche nan travay li fè. Si timoun lan pa resevwa okenn lajan pou itilizasyon pèsonèl li, ekri "**0**".
3. Lè w fin ranpli **PATI 3 a**, ale nan **PATI 4 la**, pou ajoute lòt moun nan kay la ak lajan yo resevwa.
4. RANPLI YON **APLIKASYON APA** POU TIMOUN KI NAN **LÒT LEKÒL.**

## PATI 4: APLIKE RANSÈYMAN SA YO SI W PA RESEVWA SNAP (*food stamp*) OSWA TANF.

1. Ekri non ak siyati tout moun k ap viv nan kay la, ekri tou timoun ki nan lòt lekòl Pa ekri non moun ki nan **PATI 3 a**. Itilize yon lòt aplikasyon pou mete lòt non yo epi soumèt touledè aplikasyon yo.
2. Ekri revni aktyèl (djòb, c*hild support, alimony,* pansyon, S.S.I., elatriye) tout moun ou site nan seksyon sa a resevwa anvan dediksyon. Ou dwe itilize lèt sa yo pou ekri konbyen fwa yo resevwa lajan an : **(W) = Pa semèn, (B) = Chak de semèn, (T) = de fwa pa mwa, (M) = chak mwa oswa (Y) = chak ane**. Egzanp : **$100.29/W, $100.29/B; 1029.50/T; $1290.75/M; 12900.59/Y**. Si w pa mete konbyen fwa yo resevwa lajan sa a, y ap konsidere yo resevwa l chak <u>semèn</u>
3. Ekri 4 dènye chif nan nimewo sekirite sosyal ou apresa al nan Pati 5 aplikasyon an pou siyen ak date l. Voye aplikasyon an tounen nan lekòl pitit ou a imedyatman.

## PATI 5: APLIKE RANSÈYMAN SA YO POU METE SIYATI AK NIMEWO SEKIRITE SOSYAL ADILT KI SE YON MANM FANMI AN.

1. Yon adilt nan kay la ki gen 21 lane oswa plis **DWE** siyen ak date aplikasyon an avan yo apwouve l.
2. Si **PATI 4 la** ranpli, adilt ki siyen aplikasyon an dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal li **<u>OSWA</u>**, **SÈLMAN** si adilt ki nan fanmi an **<u>PA GEN</u>** yon nimewo sekirite sosyal - Mete '**X**' nan kazye a.
3. Ekri adrès aktyèl ou, nimewo telefòn ou ak pi bon lè yo ka rele w si nou gen kesyon. Ekri dat ou ranpli aplikasyon an. Voye aplikasyon an tounen nan lekòl pitit ou a imedyatman.

# OU KA KALIFYE POU MANJE GRATIS OSWA A PRI REDUI!

**[www.ApplyForLunch.com](http://www.ApplyForLunch.com)**
**oswa**
**[www.nyc.gov/accessnyc](http://www.nyc.gov/accessnyc)**




Pou ranpli **aplikasyon an sou entènèt** ale sou sit
**www.ApplyForLunch.com**
oswa sou sit
**www.nyc.gov/accessnyc**

- Itilize nenpòt konpitè lakay, nan bibliyotèk oswa *smart phone* ki gen koneksyon entènèt
- Aplike an menm tan pou ***tout*** timoun ki abite nan kay la **menm si yo nan lekòl diferan**
- Kreye yon non itilizatè *username* ak yon modpas *password*
- Mete Nimewo Dosye SNAP (*food stamp*) oswa TANF ou; **OSWA**
- Mete total lajan ki rantre nan kay la, kantite moun nan fanmi an ak **4 dènye chif nimewo sekirite sosyal**
- Siyen aplikasyon an elektwonikman. Klike **"Submit"** epi w ap jwenn verifikasyon ou soumèt aplikasyon an imedyatman!




## OU KA RANPLI APLIKASYON AN PAPYE A tou!

- Aplike pou ***tout*** timoun k ap viv nan kay la **ki nan menm lekòl** la sou yon **sèl** fòm
- Si w resevwa SNAP (*food stamp*) oswa TANF soumèt lèt ajans lan te voye ba w la **oswa** jis mete Nimewo dosye w nan PATI 2 a. Siyen aplikasyon an, epi date l pou voye l nan lekòl pitit ou a

  **OSWA**
- Nan PATI 3 a, ekri tout moun k ap viv nan kay la, tout lajan yo resevwa ak konbyen fwa yo resevwa lajan. **Ekri sèlman 4 dènye chif nan nimewo sekirite sosyal ou**
- Siyen aplikasyon an epi date l pou voye l nan lekòl pitit ou a

## APLIKE ATAN



**PA PÈDI TAN! APLIKE JODI A!**

- Si w kalifye pou manje gratis ou ka ekonomize jiska 250 dola chak ane. **Si w an reta w ap oblije peye !**
- Lekòl pitit ou a bezwen enfòmasyon sa a pou l ka jwenn lajan nan men gouvènman federal ak gouvènman eta a pou liv, materyèl, pwogram aprelekòl, elatriye
- **Aplike sou entènèt** Yo finalize aplikasyon ki fèt sou entènèt yo nan 24èdtan! Ale sou sit

  **www.ApplyForLunch.com**
  oswa sou sit **www.nyc.gov/accessnyc**
- Ranpli fòm aplikasyon an papye a, epi voye l nan lekòl pitit ou a imedyatman
- Ou bezwen èd oswa èske ou gen kesyon? Kontakte SchoolFood Help Desk.
  Rele (877) 363-6325 oswa voye yon imèl nan **foodcompliance@schools.nyc.gov**
- Ale nan sitwèb SchoolFood pou w sa jwenn plis enfòmasyon **https://schools.nyc.gov/schoolfood**

**Tout enfòmasyon ou bay yo ap rete konfidansyèl. Règleman federal pa pèmèt Depatman edikasyon Department of Education (DOE) bay okenn lòt ajans enfòmasyon w yo.**

